*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 65 (25794)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 15 апрел — хуымгæнæны мæйы 15 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД — *Раззаг куыстуæтты рæстæн*

3 ЮБИЛЕЙ — *Фарны хъуыддæгтæн кæрон нæй*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Фехтовани*

Нысантæ

## Цæгат Ирыстоны Хицауад æмæ "Роскосмос"-ы æмгуыстады бадзырд

**Ацы бонты горæт Мæскуыйы йæ куыст кодта навигацион технологиты дунеон форум "Сфера". Уыцы стыр æмбырды фæлгæты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН фембæлд уыд паддзахадон корпораци "Роскосмос"-ы генералон директор Юрий БОРИСОВИМÆ.**



Сергей Меняйло æмæ Юрий Борисов куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй республикæ æмæ корпораци ныридæгæн æнгом æмгуыстад кæнынц ахуырадон æмæ рухстауæн программæты къабазы. Уыимæ, фембæлды архайджыты хъуыдымæ гæсгæ, рæстæг домы, цæмæй уыцы æмархайд ноджы фенгомдæр æмæ фæуæрæхдæр уа. Уымæн фæахъаз уыдзæн æмгуыстады сæрмагонд бадзырд. Ныридæгæн республикæ æмæ корпорацийы минæвæрттæ уыцы бадзырды уагæвæрдтæ бабæстон кодтой, æмæ йæ ныр Сергей Меняйло æмæ Юрий Борисов бафыстой. Уый фæрцы ныр куыст цæудзæн фылдæр иумæйаг проекттыл, регионы дарддæры социалон-экономикон æмæ инновацион рæстæн ахъазгæнæг программæтыл.

— Ныртæккæ нæ сæйрагдæр нысантæй иу хъуамæ суа регионы наукон, техникон, инновацион райрæзт. Зæгъæм, ныртæккæ Дзæуджыхъæуы йæ куыст æнтыстджынæй кæны космосон аппаратты конструктор, ССР Цæдисы Паддзахадон премийы лауреат Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъола. Уым рæзгæ фæлтæры æмхиц кæнынц космосон технологитæм, дæттынц сын райдайæн зонындзинæдтæ нырыккондæр техникон фæрæзты тыххæй. Ахуырадон æмæ рухстауæн фæстиуæгæй уæлдай уыцы æууæл ахъаз уыдзæн, цæмæй рæзгæ фæлтæры минæвæрттæ фидæны сæ цард снывонд кæной космонавтикæйæн. Корпораци æмæ республикæйы æмгуыстад райрæзын кæнынæн хорз фадæттæ ис. Æмæ уыдон Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы, стæй промышленносты къабазы дарддæры рæзтыл кæй сахаддзысты, ууыл мæ зæрдæ дарын, — загъта Сергей Меняйло.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Сæрмагонд æфсæддон операци

## Паддзахадон æххуысы фонд

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО куыд бахæс кодта, афтæмæй республикæйы фæзындзæн паддзахадон æххуысы филиал "Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ". Филиал сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæм хæццæ кæндзæн æххуысы мадзæлттæ.**

Ахæм регионалон кусæндон саразыны фарстатæ равзæрстой, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис** цы æмбырд скодта, уым. Архайдтой дзы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ**, финансон ведомствæйы разамонæг **Исахъты Олег**, паддзахадон исбонады æмæ зæххы ахастдзинæдты министр **Тедеты Руслан**, фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг **Маматы Анджелæ**, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администрацийы разамонæджы хæдивæг **Биасты Игор**.

Дзанайы-фырт адæмы зæрдыл æрлæууын кодта, Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы фонд саразыны хъæппæрисы хицау кæй у, уый. Федералон æмбырдмæ 2023 азы февралы йæ Ныстуан куы æрвыста, уæд æй загъта, ныр, апрелы бафыста æмбæлгæ Указ.

"Нæ лæппутæ сæрæнæй хæцынц сæрмагонд æфсæддон операцийы, Уæрæсейы интерестæ хъахъхъæнынц. Нæ хæс у аккаг уавæртæ сын саразын, сæ бинонты цур балæууын. Фонд бирæ фарстатæ лыг кæндзæн, социалон, медицинон, психологон æххуыс кæндзæн, санаторон-курортон дзæбæхкæнынады фарстатæ дæр уымæ хаудзысты. Фæсхæст реабилитацийы, ахуырад райсыны, куысты бынаты ныллæууыны, ног дæсныйадыл фæхæцыны хъуыддæгтæ уыдзысты фонды бæрны. Республикæйы хъуамæ цыбыр рæстæгмæ саразæм æппæт уавæртæ регионалон филиалы куыстæн", — фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

Тугъанаты Ларисæ куыд радзырдта, афтæмæй ныридæгæн цавæрдæр хъуыддæгтæ скодтой. Паддзахадон исбонады æмæ зæххы ахастдзинæдты министрадимæ ссардтой хъæугæ бæстыхай, социалон координаторты бынæттæм 25 адæймаджы фæбæрæг кодтой. Раздæр уал уыдон сахуыр кæндзысты Уæрæсейы адæмон хæдзарады æмæ Уæрæсейы Президенты цур паддзахадон службæйы академийы. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæм уыдзæн цæстдард.

Алы районы дæр хъуамæ фæзына фонды хицæн хай, уый тыххæй сын фадæттæ скæнын хъæуы. Уый бацамыдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар.

**Нæ уацхæссæг**

Нæ удварны бæрæгбæттæ

## Куадзæны арфæтæ



***ЗЫНАРГЪ ÆМБÆЛТТÆ!***

*Цæгат Ирыстоны чырыстон диныл æууæндæг адæмæн зæрдæбын арфæ кæнын Чырыстийы Райгасы Рухс боны тыххæй!*

*Куыд æппæт чырыстон дунейы, афтæ нæ бирæнацион æмæ бирæконфессион республикæйы дæр куадзæны æгъдæуттæн рагон истори ис. Адæм ацы рухс уалдзыгон бæрæгбонимæ бæттынц царды ногдæр фæзындтæ, хуыздæр фидæныл æууæнк. Куадзæны бындуры удварны хъуыды æвæрд ис — хъуамæ цард фæуæлахиз уа мæлæтыл, рæстдзинад — мæнгдзинадыл, хорздзинад — хæрамыл.*

*Куадзæны бæрæгбоны иумæйагадæмон хæзнатæн уæлдай ахадындзинад ис. Фæлмæнзæрдæйы хицау уæвын, тæригъæд кæнын, уæззау уавæрты бахауæг адæмæн æххуыс кæнын, ацы миниуджытæ не 'хсæнады абон уæлдай хъæугæ сты. Динты алы хуызтæ, алы цæстæнгастимæ минæвæрттты иу æмæ æнгом кæнынц.*

*Нациты æмæ бирæ конфесситы 'хсæн разыдзинад фидар кæны Уырыссаг чырыстон дины Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархи. Цæгат Ирыстон æрæджы сбæрæг кодта Аланийыл саргъуыды 1100 азы, аразынц нæм аргъуантæ, историон бынтæ ног кæнынц, рухстауæн куыст кæнынц. Уыдæттæн аргъ кæнын хъæуы!*

*Чырыстийы Райгасы Рухс бæрæгбон Цæгат Ирыстонæн суæд хорздзинады, кæрæдзи æмбарыны рæстæг, алы бинонтæм дæр амонд æрбахизæд, фæрныгадæй хайджын уæнт, цыфæнды зындзинæдты сæрты дæр кæй ахиздзыстæм, ууыл æууæнк нын фидардæр кæнæд!*

*Чырысти Райгас!*

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг***

***ИРЫСТОНЫ ЗЫНАРГЪ ЦÆРДЖЫТÆ!***

*Зæрдæбынæй уын арфæ кæнын Чырыстийы Рухс Райгасы тыххæй, уæлдайдæр та чырыстон дыныл хæст адæмæн.*

*Сæйраг чырыстон бæрæгбон баст у сæндидзынимæ, æууæнчы нысанимæ, удварны фидар тыхимæ. Куадзæны цытджын бæрæгбон алы нациты æмæ культурæты адæмты зæрдæтæ рухс кæны, хорз хъуыддæгтæ кæнынмæ сæ хоны, ивгæ чи нæ кæны, уыцы хæзнатæм сæ здахы, уарзондзинад æмæ æххуысхъуагæн тæригъæд кæнын не 'хсæнад иу кæнынц.*

*Мæ зынаргъ æмзæххонтæ, мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, цындзинад, уе 'ппæт нысантæ уæ къухы бафтæнт, фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ кæнут!*

*Ацы Рухс Куадзæны бонтæ алы цæгатирыстойнаг бирæнацион бинонтæн дæр æрхæссæнт сабырдзинад, разыдзинад æмæ фарн!*

***ТУСКЪАТЫ Таймураз,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар***

Юбилей

## Курдиаты авдæн тулаг у

**Дзбойты Михалæн æрхæццæ ис йе стыр бæрæгбон, сæххæст ыл 85 азы. Уый у стыр цау канд йæ мыггагæн нæ, фæлæ æгас Ирыстонæн дæр. Уымæн æмæ курдиатджын адæймаджы фарн дæрдтыл æнхъæвзы.**



Дæрдтыл зындгонд у Дзбойы-фырты ном дæр. Цæмæн, уый дæр стыр сусæг нæу. Михал чысылæй фæстæмæ бамбæрста иу вазыгджын хъуыддаг: алы адæймаг дæр йæ мыггагæй, йæ хъæубæстæй, йæ дзыллæйæ хæс дары. Æмæ лæг уыцы хæсы бæрнæй куы цæра, уæд ын рæдийынæй тæссаг нæу. Курдиаты фарн адæймаджы удыхъæдимæ куы нæ баиу уа, уæд дзы аивадон æнтыст дардмæ лидзы. Ацы æнусон æцæгдзинад раджы базыдта Михал.

1971 азы йæ дипломон куыст — ирон адæмы хъæбатыр Чермены сурæт æнтыстджынæй куы бахъахъхъæдта, уæдæй нырмæ йе сфæлдыстады сæйраг темæ у хъайтарон-романтикон. Йæ фыццаг куыстытæй дæр фæбæрæг, Дзбойы-фырт нывгæнæг-граждани æмæ патриот кæй у, уый. Архайы алыхуызон монументалон уацмысты конкурсты æмæ фылдæр хатт райсы фыццаг премитæ. Мæнæ йæ сæйраг куыстытæй иу цалдæр: **"Фсати"**, **"Дада æмæ йæ фырты фырт"**, **"Фыранчытæ"**. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдонæн скодта цалдæр цыртдзæвæны: ЦИПУ-йы æмæ Медицинон академийы цур, Мæздæджы, Ногхъæуы, Мызуры, Бодыры Дæргъæвсы, Сындзыхъæуы бынмæ фашисттæ цы 17 коммунисты амардтой, уыдоны цыртдзæвæнтæ. Уымæй уæлдай саразта 8 мемориалон фæйнæджы, уыдонимæ: Кучиты Юри, Тæбæхсæуты Бало, Хъантемыраты Алибек, Плиты Грис æмæ иннæтæн. Абон Дзбойты Михал йе сфæлдыстадон куыстимæ кæны æхсæнадон куыст дæр. У РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы правленийы уæнг æмæ ревизион къамисы сæрдар.

**Курдиаты авдæн тулаг у**, фæзæгъынц. Михалы авдæн æрбатылд аивадмæ, æмæ йын уæдæй нырмæ лæггад кæны зæрдиагæй, зæрдæбынæй, зæрдæхæларæй. **Рагæйæрæгмæ дæр курдиатджын нывгæнæг у нæ газеты хæлар.** Царды тыгъдадмæ хæссы рæстдзинад, аивадмæ йæ курдиаты комулæфт, æмæ ма йын ноджыдæр бантысæд. Йæ сæдæ азы сæрты акæсæд — æнæнизæй, сæрбæрзондæй æмæ фæрнæйдзагæй.

**ХОЗИТЫ Барис**

Ахсджиаг ныхас

## Æхсæнадон æдасдзинады уæлæмхасæн мадзæлттæ

**Уæрæсейы Æдасдзинады советы нымæрдар Николай ПАТРУШЕВЫ разамындæй Налцыччы цы уæрæх æмбырд арæзт æрцыд, уым бæстон ныхас рауад Цæгат Кавказы федералон зылды регионты æхсæнадон æдасдзинады къæпхæн бæрзонддæр кæныныл. Цæгат Ирыстонæй фембæлды архайдта республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Æмбырды архайдтой Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка**, федералон министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæ, федералон зылды регионты сæргълæуæджытæ.

Боны фæткы фарстаты фæдыл стыр доклад скодта Юрий Чайка. Президенты минæвары ныхасмæ гæсгæ, аккаг ныхкъуырд дæттын хъæуы ныгуылæйнаг бæстæты знаггадхæссæг архайдæн. "Сусæггаг никæмæн у — иуæй-иу бæстæты сæрмагонд службæтæ архайынц, цæмæй уæрæсейаг æхсæнады иудзинад фехæла, цæмæй бæстæйы бирæ адæмты 'хсæн фидыд къахыргонд æрцæуа, цæмæй алы динты минæвæртты 'хсæн карздзинад равзæра. Æппæт уыцы æууæлтæ махæй не 'ппæтæй дæр домынц, цæмæй уæм ноджы къæрцхъусдæр æмæ бæрнондæр не 'рвылбоны архайды", — загъта Юрий Чайка.

Цæгат Кавказы федералон зылды сæвзæргæ уавæрыл дзургæйæ, Президенты минæвар куыд бафиппайдта, афтæмæй экстремистон æмæ террористон фæзындтытæ ма 'руадзыны нысанимæ профилактикон æмæ æндæр ахæм архайд иу уысм дæр фæмынæг кæнæн нæй. Уыцы архайды бæлвырд нысантæ æвæрд ис, фыццаджы-фыццагдæр, барадхъахъхъæнæг æмæ тыхы ведомствæты размæ. Цæгат Кавказы сабыр цардæн тасдзинады æууæлтæ æвзæрын кæнынц, экстремистон æмæ диверсион-террористон идеологийыл хæст чи у, уыцы къордты уæнгтæ. Куыд уынæм, афтæмæй Æдасдзинады федералон службæ куы иу, куы иннæ ран кæрон сæвæры ахæм фыдгæнæг къордты архайдæн. Уыимæ, Юрий Чайкæйы ныхасмæ гæсгæ, уавæр кæй фæкарздæр, уымæн æвдисæн у ахæм дæнцæг дæр — 2021 азимæ абаргæйæ, 2022 азы федералон зылды регистрацигонд æрцыд 30 проценты фылдæр экстремистон фæзындтытимæ баст фыдракæндтæ.



Президенты минæвар сæрмагонд æргом аздæхта, мæнг хабæрттæ æмæ знаггадхæссæг-ардауæн идеологи чи парахат кæны, уыцы интернет-сайтты куыстæн кæрон сæвæрыны фарстамæ дæр. "Æдасдзинады федералон службæ, "Роскомнадзор" æмæ æндæр федералон ведомствæтæ карз ныхкъуырд дæттынц ахæм информацион фæрæзты архайдæн. Зæгъæм, 2022 азы дæргъы кæрон æвæрд æрцыд 3 минæй фылдæр ахæм знаггадхæссæг интернет-сайтты куыстæн", — бафиппайдта Юрий Чайка.

Æмбырды раныхас кодтой УФ-йы Æдасдзинады советы, Генералон прокуратурæйы, Слестгæнæг комитеты, Мидхъуыддæгты министрад æмæ æндæр ведомствæты бæрнон кусджытæ. Уыдон бæстон æрлæууыдысты, регионы, стæй, æмткæй районгæйæ, бæстæйы æдасдзинад æмæ нывыл цард бахъахъхъæнынæн уæлæмхасæн цы сæрмагонд мадзæлттæ арæзт цæуы, уыдоныл.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Регионалон бастдзинæдтæ

## Ирон культурæйы бонтæ

**Ауалдзæг Ирон культурæйы бонтæ арæзт æрцæудзысты Абхаз æмæ Цæцæны республикæты. Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта Хуссар Ирыстоны Культурæйы министрады минæвар.**

Министры ныхасмæ гæсгæ, ахæм цымыдисаг мадзæлттæ саразыныл нырыдæгæн æрныхас кодтой амынд республикæты культурæйы министрадтимæ.

"Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй Хуссар Ирыстоны делегаци Цæцæнмæ абалц кæндзæн майы. Уыцы бонтæм республикæйы паддзахадон драмон театр цæттæ кæны ног спектакл. Цæцæйнаг аивадуарзджыты йе сфæлдыстадимæ базонгæ кæндзæн адæмон кæфтытæ æмæ зарджыты ансамбл "Симд" дæр. Уыдонæй уæлдай, культурæйы бонты фæлгæты Грозныйы арæзт æрцæудзæн Каджаты Вадимы, Цхуырбаты Тамерланы, Куымæриттаты Аркади æмæ иннæ ирон нывгæнджыты куыстыты равдыст", — загъта министрады минæвар.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, Ирон культурæйы бонтæ арæзт æрцæудзысты Абхазы республикæйы дæр.

Уæрæсе æмæ Хуссар Ирыстоны 'хсæн културон æмгуыстады пъланты фæлгæты азы дæргъы арæзт æрцæудзæн бирæ æндæр цымыдисаг мадзæлттæ дæр.

**(Информацион агентад "Рес")**

### Дзырды фарн

*... уалдзæг –*
*мæгуыры рæвдауæг!..*

*НИГЕР*

Æмбырд

# Раззагдæр куыстуæтты рæстæн

**Уæрæсейы Президенты æххуысгæнæг Максим ОРЕШКИН кæй сарæзта, Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видео-конференцийы бастдзинады уагæй архайдта форум "Ног рæстæгæн — тыхджын хъуыдытæ" æмæ ацы форумы фæткмæ гæсгæ саразинаг хуыздæр ног фыдыбæстон куыстуæтты конкурс саразыны фарстайы фæдыл ахæм æмбырды.**

Стратегион фæндæтты агентады генералон директор **Светланæ Чупшева** æмбырды тыххæй хабæрттæ радзырдта.

Амынд агентад æмæ фонд "Росконгресс" кæй расидтысты, уыцы конкурсы хæс у Уæрæсейы æппæт регионты пайдайаг куыстуæтты рæзтæн ахъаз кæнын (афтæ бакæныны фæрцы компанитæн уыдзæн сæ куыстады бæрц фæфылдæр кæнын æмæ федералон æмбæзадмæ рацæуыны фадат).

Чысыл æмæ рæстæмбис бизнесы минæвæрттæн — ома, æнæкъуыхцыйæ чи кусы æмæ фæлхасгæнджытæ аргъ кæмæн кæнынц, ахæм товартæ уадзæг компанитæн — ис конкурсы архайыны бар.

Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой форум саразыны, хуыздæр куыстуæттæ йæм равзарыны, стæй проекты уæлахиздзаутæн бæстæйы субъектты 'рдыгæй æххуыс кæныны фарстатыл.

Цæгат Ирыстоны экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыры** ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæ хуыздæр куыстуæтты конкурсы парахатæй архайдзæн. Дзыллон мадзалы чи архайдзæн, ныртæккæ уыцы компаниты æвзарынц. Конкурсы фидæны



архайджыты номхыгъдмæ кæй бахастой, уыдоны 'хсæн сты хойраг æмæ промышленнон товаруадзæг, стæй информацион технологитæй ифтонггæнæг куыстуæттæ.

— Хуыздæр фыдыбæстон куыстуæтты конкурс кæй сараздзысты, уый нымайгæйæ, форум "Ног рæстæгæн — тыхджын хъуыдытæ" ноджыдæр ма иу ахсджиаг хæслæвæрд баххæст кæндзæн. Импорт хи продукцийæ баивыны уавæрты æнтыстджынæй чи кусы, Уæрæсейы ис къорд ахæм компанийы. Ацы æууæл нымайгæйæ, конкурс цæгатирыстойнаг куыстуæтты рæзтæн фæахъаз уыдзæн. Бынæттон компанитæн æппæт гæнæнтæй æххуыс кæнæм. Ацы компанитæй бирæтæ сæ продукци уæрæсейаг базармæ æрвитынц. Куыстуæттæ нырæй бæрзонддæр къæпхæнмæ цæмæй схизой, конкурс уымæн æмæ, æмткæй райсгæйæ, нæ регионы рæзтæн фæахъаз уыдзæн. Конкурсы цæмæй парахатæй архайæм, уымæ тырндзыстæм. Уæрæсейы Президент кæй радта, нæ республикæ уыцы хæслæвæрдтæ баххæст кæныны фæдыл куысты архайынмæ цæттæ у. Цæгат Ирыстоны профилон министрадтæ æмæ ведомствæтæн æппæт хъæугæ бардзырдтæ радтам, — загъта Дзанайы-фырт.

Алы регионæй дæр равзардзысты фондз уæлахиздзау куыстуаты. Уымæй уæлдай, фондз федералон уæлахиздзауы рабæрæг уыдзысты. Хуыздæр куыстуæттæм уыдзæн сæ уагъд товартæ базарадмæ барвитыны бар.

Ацы аз февралы ацæуæг Стратегион фæндæтты агентады цæстдарæг советы æмбырды ныхас кæнгæйæ, Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** бафæдзæхста форум "Ног рæстæгæн — тыхджын хъуыдытæ"-йы фæткмæ гæсгæ хуыздæр ног фыдыбæстон куыстуæтты æрвылазон конкурсæн фадæттæ скæнын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Национ проект

## Адæмы ахуырадæн

**Национ проектмæ гæсгæ, æгуыст адæймæгты ахуыр кæнынил Цæгат Ирыстон бахардз кæндзæн 20 милуан сомæй фылдæр. Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Адæмæн куыстдæттæг комитеты сæрдар ПЛАТЫ Альбинæ.**

Ахуырад æххæст кæндзысты мæнæ ахæм дæсныйæдтæм гæсгæ: маркетплейстимæ куысты менеджер, бухгалтер, графикон дизайн, хъуыддагаразæг, хæринаггæнæг æмæ IT-къабазы менеджер.

— Ацы аз национ проект "Демографи"-мæ гæсгæ, профессион ахуырадыл бахардз кæндзыстæм ссæдз милуан сомæй фылдæр. Æгуыст, фæндзай азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, ахæм адæймæгтæн, декретон отпусчы уæвæг сылгоймæгтæн, куыстдæттæгимæ фæллойадон ахастдзинæдтæ кæмæн нæй æмæ авд азæй кæстæр сывæллæттæ кæмæн ис, ахæм сылгоймæгтæн, æртын фондз азæй кæстæр æрыгæттæн, стæй, лыгъдонил нымад чи 'рцыд, Украинæйæ æрбацæуæг ахæм адæймæгтæн ахуырадон программæтæ баххæст кæндзыстæм. Ныридæгæн æххæст кæнæм гидтæ-экскурсиамонджыты ахуырады курсытæ, — загъта хицауиуæггæнæг сылгоймаг.

Æндæразимæ абаргæйæ, фарон цæгатирыстойнаг æгуыст адæймæгты нымæц 25 проценты фæкъаддæр. Фарон 31 декабры регистрацигонд æгуыст адæймæгты къæпхæн уыд 1 процент, æндæразы амынд бон та — 2,1 проценты.

**Нæ уацхæссæг**

Хабархæссæг фæрæзтæ

# Хуыздæрты номхыгъдмæ

**Компании "Media Hills"-ы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фарон декабры фондз азы кæуыл сæххæст, уыцы национ телекомпани "Осетия-Ирыстон" телевизормæ кæсыны рæстæмбис æххæссынадæй бахастой 20 хуыздæр регионалон телеканалы номхыгъдмæ.**

ОСЕТИЯ-ИРЫСТОН

— Телевизормæ кæсыны рæстæмбис æххæссынадæй бæстæйы ссæдз хуыздæр регионалон телеканалы номхыгъдмæ нæ кæй бахастой, уый дзурæг у нæ куысты хæрзхъæддзинадыл. Алы программæйыл кæнæ ног хабæртты алы рауагъдыл дæр авторты къорд бакусы, — зæгъы амынд телекомпанийы генералон продюсер **Баскаты Ольгæ.**

Ирыстойнаг телеканалæй фæстæмæ регионалон телеуынынады раздзогты номхыгъдмæ бахастой Хабаровскы, Омскы, Хъалмыхъы, Бурятийы, Марий-Элы, Тува æмæ æндæр регионты телекомпанитæ.

— Нæ телекомпани ирон адæмы æгъдæутты тыххæй программæтæм æмæ ирон æвзагыл проекттæм здахы стыр æргом. Æрæджы **Уыртаты Сæрмæты** авторон программæ фыццаг хатт равдыстам. **Гуыбаты Людмилæ** æмæ **Зыхъуаты Жаннæ** сæ проекттæ цæттæ кæнынц. Ирон æвзагыл сывæллæтты ахуырадон проектыл кусæм. Мидисджын программæтæ цæттæ кæнæм, æмæ, адæм нæ телеканалмæ кæй кæсынц, уымæй райгонд стæм, — бафтыдта Баскаты Ольгæ йæ ныхасмæ.

**РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты пресс-службæ**

Цыди хæст

# "Цæхх дæр нæ нал хъæуы, цæгъдын нæ кæныс..."




**Нæ хъæу Толдзгуынмæ Будайтæм чындзы æрцыди Дур-Дуры хъæуæй Гуйты Катя. Йæ цардæмбал Алыксандримæ сын рантæст дзæбæх цот — сæхи хуызæн куыстуарзаг, æгъдауджын, адæмимæ цæрæг. Катя æгас нал у, рухс дзæнæты бадæд. Уыдис хæларзæрдæ адæймаг, нымадтой йæ сыхбæстæ, хъæубæстæ, уарзта хъазæн ныхас.**

Иухатт мын ракодта ахæм хабар. Цæвиттон, Дур-Дуры сæ цæхæрадæттæ уыдысты æмарæнтæ Цæллаты бинонтимæ, се 'хсæн — æрмæстдæр кау. Цæллатæм уыдис лæппу, ном ыл сæвæрдтой Сталин. Катяимæ уыдысты æмгæрттæ, цыдаид сыл, æвæццæгæн, фæйнæ фондз-æхсæз азы. Хæсты рæстæг немыц Дурмæ куы бацыдысты, уæд дзы цалдæрæй æрæнцадысты Цæллаты хæдзары.

Иуахæмы Катяйы йæ фыд арвыста цæхæрадæтты Цæллатæм цæхмæ. Чызг рæвдз-рæвдз азгъордта сыхæгтæм æмæ дын сæм кауы сæрты куы бахъæр кæнид сæ лæппуйы номæй: "Сталин, Сталин!.." Немыц исдуг ницы, стæй дын куы сдзолгъо-молгъо кæниккой, автоматтимæ кæрты ратæх-батæх систой. Катяйы фыд (йæ ном ын нал хъуыды кæнын, кæд мын æй Катя загъта, уæддæр) уайтагъддæр хъуыддаг фембæрста æмæ йæ чызгмæ хъæр кæны: "Рацу, цæхх дæр нæ нал хъæуы, цæгъдын нæ кæныс!"

Худгæ дæр бирæ фæкодтам Катяимæ, уыцы цау мысгæйæ. Фæлæ, рæстæг куы рацыди, уæд та хъуыдыты аныгъуылдтæн — æцæгдæр, фашисттæн, кæд нæ уыцы гыццыл чызг мæстæй мары, хынджылæг нæ кæны, зæгъгæ, сæ бон уыди автоматтæй сывæллоныл айдзæгъдын... Тæригъæдтæ, хатыртæ сæм тынг нымады, мыййаг, куы нæ уыдысты...

**ДÆБÆЛАТЫ Валодя**

Хабæрттæ районтæй

# Хъæбатырты кадæн

**Дунеон акци "Номарæн цæхæрадон"-ы архайгæйæ, Алагиры æмæ Дыгуры районты хъæды хæдзарæдты кусджытæ, Къора-Урсдонæй æмæ Црауæй рацæуæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæмардуæвæг адæмы рухс нæмттæ аргæйæ, сырх тулдзы æмæ тæгæры 8500 талайы ныссагътой.**



— Цалдæр азы дæргъы дунеон акци "Номарæн цæхæрадон"-ы архайгæйæ, цæгатирыстойнæгтæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæмардуæвæг сырхæфсæддонты кадæн бæлæстæ ныссадзынц. Акцийы архайæг активистты фæнды хъæбатырты нæмттæ сæнусон кæнын, æппæт адæм сæ куыд зоной, афтæ. Ацы хъуыддаг банымайæн ис иттæг арфæйагыл, — зæгъы акцимæ цæгатирыстойнаг цæстдарæг **Самты Иринæ**.

Акци нæ республикæйы ахæсдзæн ацы мæйы кæронмæ. Уыцы рæстæгмæ ныссадзынмæ хъавынц 34 мин талайæ фылдæр.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

## Ног компани сараздзысты

**Æрыдоны районы аграрон къабазы кусджыты зæрды ис ног компани саразыны фæрцы æхсыры рауагъд дыууæ хатты фæфылдæр кæнын.**



Фермерон хæдзарад "Дар" стурвосдарæн куыстуат саразынмæ хъавы. Куыстуат куы байгом уа, уæд районы æхсыры рауагъд афæдзмæ 450 тоннæйы онг фæфылдæр уыдзæн. Уымæй уæлдай, проектмæ гæсгæ, сараздзысты 20 ног кусæн бынаты. Проекты иумæйаг аргъ у 5,25 милуан сомы. Ацы фæрæзтæй сараздзысты куыстадон бæстыхæйттæ, стæй дзы балхæндзысты кусæнгæрзтæ æмæ стурвос.

Фермерон хæдзарад "Дар" у районы иунæг æхсыруадзæг куыстуат. Проект куы баххæст кæной, уæд æхсыры рауагъд бонмæ 300 литрæй тоннæйы онг фæфылдæр уыдзæн.

**РЦИ-Аланийы Хъæууон хæдзарады министрады пресс-службæ**

Цæстдард

## Æнæзакъон пенси

**Горæтгæрон районы прокуратурæ бынæттон нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 159 статьяйы 4 хайы ("Стыр бæрцæй цæстфæлдахæн ми бакæнын") амынд фыдракæнд саразынæй. Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй зылын кæнынц, уыцы адæймаг, кармæ гæсгæ фæллойадон пенси сæвæрыны тыххæй хабæрттæ зонгæйæ æмæ зыддзинад æвдисгæйæ, æбæрæг адæймагæй кæй балхæдта, уыцы мæнг гæххæтты куыд амыдта, афтæмæй адæймаг цалдæр азы дæргъы фæллойы сæрмагонд уавæрты бакуыста.

Фыдвæндтæ æххæст кæнгæйæ, закъонхалæг адæймаг пенсион оргæнмæ бахатыд. Æвдыст мæнг гæххæттыты фæрцы цæстфæлдахæгæн кæй сæвæрдтой, нæлгоймаг 10 азы дæргъы æмгъуыдæй раз-



дæр уыцы пенси иста, паддзахадæн 1,1 милуан сомæй фылдæр зиан æрхæсгæйæ.

Фидаргонд зылынгæнæг хатдзæгимæ уголовон хъуыддаг барвыстой Горæтгæрон районы тæрхондонмæ биноныг ыл æрныхас кæнынмæ.

Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад тæрхондонмæ барвыста фыдракæндæй хаст материалон зиан бафидыны тыххæй граждайнаг куырдиат.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Сæрмагонд æфсæддон операци

# Сæйраг хæцæнгарз — æнæбасæттгæ удыхъæд

**Цалдæр боны размæ нæ редакцийы уазæг уыди æхсæнадон архайæг, "Хъæбатырты фæндаг", зæгъгæ, уыцы проект саразæг ХÆДЗАРÆГАТЫ Артур. Уый иудадзыгдæр вæййы сæрмагонд æфсæддон операцийы тохы быдырты тæккæ цæхæры. Ракуырдтам дзы, цæмæй радзура, Украинæйы нæ лæппутæй чи архайы, уыдоны тыххæй бæлвырддæр.**




Сæрмагонд операцийы архайджытæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты æфæсддон центры студенттимæ

— Сæрмагонд æфсæддон операцийы тæккæ райдайæнæй дæр нæ лæппутæ æвдисынц сæхи æрмæстдæр хорзæрдыгæй. Æз æрбахонын хæстонты, ныртæккæ тох цырендæрæй кæм цæуы, уыцы бынæттæй, цæмæй фембæлой ам, нæхимæ, фæсивæдимæ, радзурой сæ хабæрттæ, фæныхас кæной не 'рыгон фæлтæры минæвæрттимæ. Уыцы хæстонтæн сæ нæмттæ æмæ мыггæгтæ нæ дзурдзынæн, ис алкæмæн дæр фæсномыг, æмæ сæ адæм зонынц уымæй. Зæгъæм, "Айвенго" у батальоны командæгæнæджы хæдивæг, нæ тæккæ дæсныдæр æмæ фæлтæрдджындæр æфсæддонтæй иу. Раздæр куыста телеуынынады. Кæнæ иннæ лæппу, йæ фæсномыг "Хирург". Архайы, цæф хæстонты æвæстиатæй тохы быдырæй дохтыртæм чи хæццæ кæны, уыцы сæрмагонд къорды . Арæхстджын, цæрдæг, дæсны. "Хирург" æмæ йе 'мбæлтты фæрцы бирæ лæппутæ аирвæзтысты мæлæтæй. Дарддæр. Фæсномыг "Айболит" куыста сывæллæтты дохтырæй Мæскуыйы, ам, нæхимæ Ирыстоны, каст фæцис медицинон академи. Сæрмагонд æфсæддон операцимæ ацыд барвæндонæй. Æмæ нын у тынг æххуыс. Æфсæддон, йæ фæсномыг "Джабо" лыг кæны техникон æфсисад æмæ гуманитарон æххуысы фарстатæ.

Кæй ранымадтон, уыцы æфсæддонтæ иудадзыгдæр вæййынц хæстонты раззагдæр рæнхъыты, алы сахат нæ — алы минут, алы секунд дæр тынг тæссаг у сæ цардæн. Фæлæ лæппутæ уæддæр æнæкъуылымпыйæ кæнынц сæ куыст. Артур, зæгъгæ, уый та раздæр хæцыдис хи æфсæддон компани "Вагнер"-ы, у иттæг дæсны танкист.

Ацы хæстонтæн сарæзтам фыццаг фембæлд нæ республикæйы фæсивæды къордимæ — Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты студенттимæ. Радзырдтам сын иу цалдæр хабары нæ хæстон лæппуты цардæй. Зæгъæм, сæ къорд иу стыр агъуыст байсыныл архайдта. Уæдмæ знаджы сармадзаны нæмыг æрбатахт, агъуыст ныппырх, йæ хуылфы ныккалди. Лæппутæ ракъахын. Æмæ фервæзтысты! Ахæм цаутæ иу æмæ дыууæ нæ уыдысты. Лæгдзинад, ныфс, хъару — алцæмæй дæр æххæст сты нæ фæсивæд.

Студенттимæ фембæлыны рæстæг нæ хæстонтæ канд сæ тохы хабæрттæ нæ дзырдтой, фæлæ ма бæстон дзуаппытæ лæвæрдтой алыхуызон фарстытæн дæр — Райгуырæн бæстæйы, патриотизмы, нæ ныхмæлæуджыты, сæ хъуызæтты тыххæй. Зæгъæм, патриотизмы тыххæй дзургæйæ, "Хирург" бафиппайдта — патриотизм æрмæст ныхæстыл нæ, фæлæ хъуамæ ахадгæ, бæлвырд хъуыддæгты быцдурыл æнцайа, стæй адæймаджы зæрдæйы рæза суанг йе 'взонг бонтæй фæстæмæ. "Хирургæн" йæ фыд дæр, йе 'фсымæр дæр хъæбатырæй хæцыдысты знæгты ныхмæ 2008 азы Хуссар Ирыстоны. "Хирург" йæ сæрæндзинад æмæ хъаруйæ дисы бирæ хæттыты бафтыдта мæн дæр æмæ йæ иннæ 'мбæлтты дæр. Цæвиттон, иу ахæмы ахсджиаг хæс сæххæст кæныны нысанимæ тахтысфадат нæ фæци. "Хирург" нæ хæдтулгæ фæурæдта, рагæпп кодта, цæсты фæныкъуылдмæ рæхыс абаста уыцы машинæйыл æмæ йæ фæндагмæ фæуæле кодта. Куыд базыдтам уый фæстæ, афтæмæй машинæ дзыхъхъы фæци дыууæ боны, рæстæг та уазал, уымæл. Ничи йæм баурæдта мах размæ. Йе скъæрæг лæппу тынг баргъæвст, стæй йын тæссаг уыди, знæгтæ йæ уым куы ссардтаиккой, уымæй дæр. Абон дæр ма мæ цæстытыл уайы, "Хирург" куыд рæвдз æмæ тагъд архайдта, уый! Стæй йын хæдтулгæйы хицау, нæхи кары лæппу, куыд зæрдиаг арфæтæ кодта, ды мæ мæлæтæй фервæзын кодтай, зæгъгæ.

Æмæ нæ лæппутæ иууылдæр ахæмтæ сты, цыфæнды зын, тæссаг хъуыддаджы дæр адæймаг семæ æдæрсгæйæ, ныфсджынæй ацæудзæн, фыдæнхъæл дæ нæ фæкæндзысты. Сыгъдæгзæрдæ, æнæхин, сæрæн фæсивæд! Тæккæ райдайæны иу цасдæр рæстæг сæ мызд фæстиат кодта, фæлæ дзы иу дæр никуы сæстæгты бын фесты, рацæуæн дзы ничердæмуал уыди, къæппæджы бахауæгау фесты. Къорды командæгæнæг уыди ирон лæппу. Сæ ныфс нæ асасти, хъæддых фæлæууыдысты æмæ саперты гыццыл белæй тыхамæлттæй, фæлæ уæддæр бафæрæзтой сæхицæн æддæмæ рабырыны хуынкътæм сосайыл нæ хæдтулгæйы. Æрлæууæн кæнæ сабырдæр цæуæн нæй — знаг фынæй нæ кæны. Æвиппайды ауыдтам фæндаггæрон дзыхъхъы махонты рог хæдтулгæ. Уый, æвæццæгæн, фæндаг бырынцъаг кæй уыди, уый аххосæй фæбырыди æмæ уырдæм ныттылди, фæстæмæ схизынæн та йын бахъуыр-хъуыр кодта, уæддæр æнæкъуыхцыйæ æххæст кодтой сæ хæстæ...

Ныртæккæ уым цæуы æртыккаг дунеон хæст. Уымæн æвдисæн сты, мæхæдæг видеомæ кæй систон, уыцы нывты тохы бынæтты алыхуызон паддзахæдты тырысатæ æмæ нысантæ. Сæ цæрæн бынæтты (блиндажты) дæр ууыл дзурæг сты бирæ хабæрттæ. Уæрæсе иунæгæй тох кæны, бирæ паддзахæдты ныхмæ. Æнцон нæу, цы йæ 'мбæхсон. Ныхас ыл нæй — нæ ныхмæлæууæг тыхтæ махæй сты алцæмæй дæр ифтонгдæр, хæцæнгарзæй зæгъай, алыхуызон æфсæддон техникæйæ. Æппæт уыдæттæ хынцгæйæ, мæ бон у зæгъын: Уæрæсе уæддæр цадæггай, фæлæ цæуы размæ! Бирæтæм уый кæсы тынг диссаг, фæлæ дзы æрымысгæ ницы ис, у æцæг хабар.

Цæй фæрцы? Æппæты фыццаг — нæ хæстонты фидар, æнæбасæттгæ удыхъæды, сæ лæгдзинады, æхсар æмæ фæразондзинады фæрцы. Уымæн ис тынг бирæ дæнцæгтæ æмæ ма, уырны мæ, дарддæр дæр афтæ уыдзæн.

Арæх бафæрсынц: тагъддæр цæуæн нæй не 'фсадæн? Уыцы фарстæн дæр радтæн ис ахæм дзуапп. Мæхæдæг тынг хорз зонын уавæр Луганскæй райдай æмæ Запорожьейы онг. Зонын, кæсын, хъусын, хатдзæгтæ кæнын. Уым ис тынг бирæ хуымæтæг, сабырцæрæг адæм. Æмæ, зæгъæм, Уæрæсе йæ тæккæ тыхджындæр хæцæнгарзæй куы спайда кæна, уæд, бæгуыдæр, не 'фсад размæ ацæудзæн стырдæр санчъехтæй. Фæлæ уæд цас æмæ цас фесæфдзæн, æппындæр аххосджын чи нæу, уыцы адæмæй? Уымæн та нæй уæвæн æппындæр, Уæрæсе афтæ никуы æмæ ницы хуызы бакæндзæн! Уый йеддæмæ уыцы Бахмут афонмæ рыг фестадаид. Фæлæ дзы барæй уромынц сабыр адæмы, æмбарынц, уыдон сын сты удгоймаг уарты хуызæн.

Æппæт уыцы хабæртты тыххæй дзырдтой мæ хæстон æмбæлттæ сæ фембæлды студенттимæ. Сæ раныхæсты сæйраг хъуыды та уыди иу: æрмæстдæр Уæлахиз нырыккон фашисттыл! Æндæр гæнæн нæй...

**Ныхас ныффыста ХÆМЫЦАТЫ Морис**

# Фарны хъуыддæгтæн кæрон нæй

## ДЗБОЙТЫ МИХАЛЫЛ СÆХХÆСТ 85 АЗЫ

**Бирæ сты ацы азтæ æви чысыл, уый хаты æрмæст юбиляры зæрдæ. Фæлæ йын Фыдыбæстæ бузныджы ныхæстæ цæй тыххæй зæгъа, уыцы хорз æмæ арфæйаг хъуыддæгтæ Ирыстоны бирæ сты. Раст цыма дуры уд бауадзы, афтæ кæсынц адæймагмæ йæ хъайтарты сурæттæ. Нывгæнæг скульптурæты хуызы фыссы, ферохгæнæн кæмæн нæй, Ирыстоны уыцы зындгонд адæймæгты истори. Йæ алы куыст дæр ын чиныджы хуызæн кæсæн ис.**

Михалы сфæлдыстадæн арæнтæ нæй, стæй иу жанрыл нæ кусы, курдиатджын скульптор æнтыстджын куыстытæ кæны монументалон, портретон æмæ декоративон пластикæйы дæр. Уымæй уæлдай ма дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр Дзбойы-фырт снывонд кодта педагогон куыстæн Дзæуджыхъæуы аивадон училищæйы. Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ систы зындгонд скульптортæ æмæ кусынц нæ бæстæйы алы рæтты.

Дзбойты Михал йæ профессионалон фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ йæхи Фыдыбæстæйы иузæрдион патриотæй равдыста. Æнусты дæргъы нæм цы традицитæ ис, уыдон æвдисы дурæй конд куыстыты.

Михал райгуырдис æмæ схъомыл Ирыстоны зæронддæр хъæутæй иу — Хъарман-Сындзыхъæуы. Афтæ зæгъæн ис, æмæ ацы хъæу у æрмдæсныты куырдадз. Уыцы куырдадзæн та бындур сæвæрдта хæдахуыр нывгæнæг, адæмон скульптор Едзиты Сослæнбег. Михал æй хорз хъуыды кæны. Йæ мысинæгты дзуры: "Урсдоны дон-иу куы раивылд, уæд-иу йæ хъæлæсы хъæдтæ æмæ дуртæ рахаста. Уый фæстæ-иу адæм уыцы хъæдтæй суджы рæдзæгъдтæ кодтой, Сослæнбег та-иу йæ хæлафы къæхтæ сфæлдæхта æмæ, йæ къухы даргъ хъилы кæрон дзæбуг, афтæмæй дуртæ хойгæ цыдис. Йæ зæллангмæ гæсгæ-иу йæ зæрдæ кæцы дурмæ ахсайдта, ууыл бæрæггæнæн авæрдта. Йæ куыстытæ — рагон цыртдзæвæнтæ абон дæр ис фенæн Хъарманы. Мах-иу, сывæллæттæ, дис кодтам уыцы нывтыл. Уæвгæ, фыццаджыдæр, нывты традици æз федтон мæ мады конд Ногбоны хойраджы. Хыссæйæ-иу дедатæ æмæ фыркъатæ куы скодта, уæд ма мах цымыдисдзинадæн кæрон кæм уыд. Цыма Нарты кадджыты хъайтартæ сты, афтæ мæм каст. Мæ мад дæр, мæ фыд, ме 'фсымæрты æмæ Сослæнбеджы къухты арæхстдзинад-иу нæ алæмæты бæстæмæ акодта. Сывæллоны сæрызонд уый бæрц кæм ахсы æмæ ногбоны дедатæ скæнын — уый нæ фыдæлты æгъдау уыдис. Мæ фыд æмæ ме 'фсымæр дæр хъæдæй кодтой къустæ, уидгуытæ æмæ æндæр хæдзары дзаумæттæ. Мæ фыд Никъала 1944 азы уæззау цæфтимæ хæстæй ссыд æмæ нæ хæдзары амард. Фондз лæппуйы æмæ æртæ чызджы баззадысты идæдз сылгоймаджы æвджид.

Цæйбæрц хъару хъуыдис аст сывæллоны иунæгæй схæссынæн. Уæддæр нæ уыцы тыхст æххормаг азты никуы ницы хъуаг ныууагъта. Мæ мад уыдис Æрхоны хъæуæй Бæцойты чызг —- Уæлинка. Фæндырæй цæгъдынмæ уыд дæсны. Алы Куадзæнмæ дæр нын-иу ног уæлæдарæс бахуыдта æмæ та-иу сыхæгтæ дисгæнгæ афтæ бакодтой: "Бæцон та йæ сывæллæтты куыд ацарæзта". Йæ конд ногбоны дедатæ, гуылтæ мæ зæрдыл дарын абон дæр. Æз сæ нывгæнæджы куыстимæ барын. Æрмæст, нывгæнæг йæ куыст профессионалон æгъдауæй кæны, уыдон та уыдысты адæмон сфæлдыстады бынтæ, хæдахуыр курдиаты хуызæн.

Мах, сывæллæттæ, кæд гыццылтæ уыдыстæм, уæддæр æххуыс кодтам нæ мадæн. Абон дæр мæм афтæ кæсы, цыма мах хосы мæкъуылтæй рæсугъддæр æмæ хуыздæр амад никæмæн уыдысты".

Хъæууон скъолайы ахуыргæнгæйæ, уыцы рæстæг рæзгæ фæлтæрыл дæр бирæ хæстæ æвæрд уыдис. Бабар сын-иу кодтой хистæртæ алыхуызон куыстытæ, æмæ-иу сывæллæттæ æххæссыдысты ахуырыл æмæ куыстыл дæр. Черчени æмæ сын нывкæныны уроктæ амыдта Едзиты Сослæнбеджы фырт Руслан. Сæ хæдзармæ дæр сæ-иу акодта. Уым сывæллæттæ цымыдисæй кастысты Сослæнбеджы кусæн дзаумæттæм æмæ куыстытæм. Уæдæ хъæуы къуылдымтæ, быдыртæ, уынгтæ, хъæдтæ æмæ иннæ ист географион бынæттæ **"Нарты къуылдым", "Бурфæндаг", "Дурджын ком", "Хурхоры Уастырджийы кувæндон"** æмæ иннæ цымыдисаг рагон нæмттæм гæсгæ хъæуы сывæллæттæ дызæрдыг нæ кодтой, Нарты кадджыты бæстæ — Хъарман-Сындзыхъæу кæй у, ууыл.

Æппæт уыцы истори, æгъдæуттæ æмæ традицитæ Михал бахаста йе сфæлдыстадон æрмадзмæ. Нывкæнынады куыстæн скульптор йæ цардæй 50 азæй фылдæр радта. Абон нæ республикæйы ахæм адæймаг нæй, Михалы чи нæ зоны, йæ куыстытæн ын стыр аргъ чи нæ кæны. Банымайæн дæр




сын нæй. Чи нæ федта, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты кæрты цы егъау цыртдзæвæн ис, уый — Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ацы стыр скъолайæ чи ацыд æмæ тугкалæн быдырты æнустæм чи баззад, уыцы студентты æмæ ахуыргæнджыты рухс нæмттæ сæнусон кæнынæн. Æмæ канд ацы скульптурæ нæ, фæлæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæйы фæдыл Михалы куыстытæ фенæн ис: Мæздæджы районы, Лескены, Дигорайы, Мызуры, Ногхъæуы, Дæллаг Санибайы, Сындзыхъæуы, Нары æмæ æндæр рæтты. Зындгонд адæймæгтæн æмæ Ирыстоны историйы цауты фæдыл сты: Дзæуджыхъæуы — Сергей Кировы, Мæздæджы — Дубининты æфсымæрты, Хъарман-Сындзыхъæуы скъолайы — Къостайы, Мæздæджы, Арвыкомы фæндаджы райдайæны æмæ Мæздæгмæ бацæуæны герб, Алагиры — Къостайы, Беслæны — Тылаттаты Беслæны, Куырттаты комы — Брытъиаты Елбыздыхъойы, Дзæуджыхъæуы Суворовон училищæйы — Александр Суворовы, Джызæлы скъола-интернаты —инæлар Бæройты Махарбеджы, Дигорайы, Намысы аллейы — академик Цæголты Никъалайы, Ногхъæуы — Цæлыккаты Ахмæты цыртдзæвæнтæ. Цыртдзæвæнтæ сарæзта Къостайы мад — Гуыбаты Марияйæн Нары. Уæдæ Дзæуджыхъæуы Намысы аллейы нæ республикæйы аивады, спорты æмæ литературæйы зындгонд адæймæгтæн, УФ-йы адæмон артисттæ Годжыцаты Исахъ æмæ Икъаты Серафины, Плиты Грис æмæ Тедеты Георгийы, Хосты-



хъоты Зинæ æмæ Кцойты Владимиры сурæттæ.

Тæмисчъы санаторийы фæзы абон дæр ма сты Михалы конд беседкæтæ, Цъæйы коммæ фæндагыл та — Æфсатийы скульптурæ. Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы но-





мыл Центрон парчы — зæронд лæг йæ хъæбулы хъæбулимæ, "Цæнгæт" хиды фæйнæ фæрсты — фыранктæ, поселок Хуссайраджы та — Уастырджийы скульптурæтæ. Æмæ бирæ æндæр куыстытæ — сæ



ДЗБОЙТЫ Михал йæ хæлæрттимæ

нæмттæ газеты фæрстыл дæр нæ бацæудзысты. Уымæй уæлдай, Дзбойыфырт архайдта Мæскуыйы аивæдты академийы æмæ нæ республикæйы конкурсты дæр.

Михалы цард æмæ сфæлдыстадыл сæ уацхъуыдтæ газеттæ æмæ журналты фыстой Ирыстоны зындгонд журналисттæ, фысджытæ, историктæ æмæ политологтæ.

Дзбойты Михал у дæсгай номарæн къæйты автор, уыдонæй: 60 — зындгонд æфсæддонтæ, политикон æмæ паддзахадон архайджытæн, фысджытæ æмæ композитортæн. Се 'хсæн спортсмен Андиаты Сергейæн, композитор Гуырдзыбегты Георгийæн, фыссæг Гæтуты Дзахойæн, рухстауæг, бæстæзонæг Зæнджиаты Бæбуйæн, Уæрæсейы адæмон артист Уататы Бибойæн, ЦИПУ-йы профессор-историк Гиоты Михалæн, адæмон поэт Плиты Грисæн.

Дзбойы-фырт йæ хæслæвæрдтæ стыр бæрндзинадимæ æххæст кæны, арфхъуыдыджын сты йæ темæтæ. Хъæууон скъолайы фæстæ Дзæуджыхъæуы педагогон училищæйы студент уæвгæйæ, каникулты рæстæг æртæ хатты фæскомцæдисон бригадæимæ абалц кодта зæрæстон зæххытæм. Уый дæр стыр фæллойы хъомыладон фæндаг уыдис советон цардарæзты. Йæхæдæг куыд зæгъы Михал, афтæмæй сæ къорд хицæн звено уыдис, æмæ сæм тыллæг æфснайынæй фæлтæрддзинад дæр иннæтæй фылдæр уыд. Уымæ гæсгæ сæ схорзæхджын кодтой "За освоение целинных земель" майдантæй. Советон Æфсады рæнхъыты службæгæнгæйæ та базонгæ ис, Мæскуыйы Суриковы номыл аивæдты академийы раздæры студент Василий Величкоимæ, уыдис йæ командир. Æфсады фæстæ Михал кусынмæ бацыд завод "Электроцинчы" "Декабристты" клубмæ нывгæнæгæй, уый фæстæ дарддæр ахуыр кæнынмæ фæлварæнтæ радта Мæскуыйы Суриковы номыл аивæдты академимæ æмæ йæ 1971 азы каст фæци.

Академийы нывкæнынады бирæ ног сусæгдзинæдтæ базыдта Михал. Фидæны дæсныйад ын нодджы тынгдæр уæд бауарзын кодтой йæ ахуыргæнджытæ — номдзыд нывгæнджытæ М.В. Томский æмæ М.Х. Бабурин. Стыр бузныг æмæ сæ арфæйаг у абон дæр. Дзбойы-фырт стыр æхсызгонæй йæ мысинæгты загъта:

"Æз рагæй нырмæ дæр тынг уарзын Ирыстоны æрдз. Йæ цъитиджын хæхтæ, цъæхвæлыст хъæдтæ æмæ урсбарц æхсæрдзæнтæ. Уымæй зындæр мæм ницы фæкæсы, æмæ куы фенын нæ диссаджы хъæдты бæлæстæ кæлдтытæй, кæмтты та куы анæры топпы гæрах, уæд. Мæ зæрдæ бампылы, сæгуыты лæппын йæ туджымæцгæ мæ цæстытыл куы ауайы. Æрдзмæ мæм уыцы уарзондзинад, институты ма куы ахуыр кодтон, уæд сæвзæрд. Сарæзтон Æфсатийы фæлгонц æмæ мын ахуыргæнджытæ уыцы куыстæн стыр аргъ скодтой. Экологийæ нæм уæд цы конкурс арæзт æрцыд, уырдæм æй бахастой æмæ нымад æрцыд æппæты хуыздæр куыстыл. Тынг мæ æрфæндыд, цæмæй ацы куыст æвæрд æрцыдаид Ирыстоны хæххъæбысы, фæлæ уыцы рæстæг нæ Хицауадæй бирæтæ сæ къæлæтджын бандæттæн тæрсгæйæ, нæ уагътой нæ удварны хæзнатæн сæ кой кæнын дæр. Мæнæн дæр партийы обкоммæ ныффыстой, ома, дины æгъдæуттæ адæмы 'хсæн пропагандæ кæны, зæгъгæ. Фæлæ адæмы фарн тыхджын у. Ирыстоны хæрзгæнджыты фæрцы Æфсатийы скульптурæ йæ бынат ссардта Ирыстоны бæрзонд хæхты. Сырдты бардуаг бады йæ къæлæтджыны, йæ къæхты бын ныцъцъæл кодта мæлæтхæссæг фатты, йæ фарсмæ адджын фынæй кæны сæгуыты лæппын, афтæмæй Æфсати дардмæ фæлгæсы. Йæ цæстæнгас дзуры ууыл, цæмæй адæм хъахъхъæной æрдз æмæ сырдты. Абон уыцы скульптурæ фæцудыдта, хъæуы йæ рацаразын. Зæрæмæджы ГЭС-ы астæу къæдзæхыл арæзт у. Къæдзæхы былтæ сабыргай лæбырынц æмæ скульптурæйæн тынг тæссаг у афæлдæхынæй. Скодтон бирæ эскизтæ фыранчы тыххæй. Мæ зæрды уыд уыцы домбай сырды сурæт хуыздæр равдисын. Ацы фæнд мын цыма 90-æм азты Дзæуджыхъæуы мэр Михаил Шаталов айдæны федта, уыйау иу бон афтæ бакодта, дæ æрмдзæф, дам, мæ зæрдæмæ тынг цæуы æмæ мæ фæнды, фыранчы скульптурæтæ цалдæр куы саразис, уый. Сæвæриккам сæ "Цæнгæт" хиды дыууæрдыгæй дæр кæрæтты.

Мæ эскизтæ Шаталовæн фенын кодтон æмæ йæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты. Бар мын радта, æмæ бавнæлдтон скульптурæты арæзтадмæ. Фыдæбон сыл чысыл нæ уыд, фæлæ мын феххуыс кодтой нæ республикæйы уæды Архитекторты цæдисы сæрдар Гуыбаты Зауыр æмæ иннæ специалисттæ — Къæбулты æртæ æфсымæры Нодар, Роин æмæ Тимур. Иудадзыг мæм йæ хъус дардта Шаталов дæр, цæмæй къуылымпы мацæмæй æййæфтаин".

**Бирæ азты Дзбойты Михал у газет "Рæстдзинад"-ы иузæрдион хæлар. Уæвгæ, канд "Рæстдзинад"-ы нæ, фæлæ йын хæлæрттæ амы редакциты æмæ æхсæнадон царды æппæт къабæзты дæр бирæ ис. Уый ууыл дзурæг у, æмæ Михал Ирыстонæн аккаг хъæбул кæй у, йæ уд æмæ йæ зæрдæ æппæты хуыздæр миниуджытæй хъæздыг кæй сты. "Рæстдзинад" кæдæй кæсыс, зæгъгæ, йæ куы бафæрсынц, уæд йæ дзуапп вæййы ахæм: "Кæсын куы нæма зыдтон, уæдæй нырмæ" нæ хъæу Хъарманы мах бæзджын сых хуыдтой. Бирæ уыдыстæм сабитæ дæр, бирæ уыдысты кардзыд адæм дæр. Æмæ мæм афтæ кастис, цыма не 'ппæт дæр хæстæджытæ стæм. Нæ уынг нын хъазæн фæз дæр уыд æмæ культурæйы артдзæст дæр. Хистæртæ-иу колхозы правленийы раз куы æрæмбырд сты, уæд-иу таурæгътæ, рагон хабæрттæ кодтой. Стæй та-иу радыгай хъæрæй кастысты газет "Рæстдзинад". Тынг диссаг мæм кастысты газеты хуызистытæ, уæлдайдæр дзы-иу ирон уæлæдарæсы адæм куы федтон, уæд.**

**Цалдæр хатты дзы уыд нæхи хъæуккаг Цæрукъаты Алыксандры хуызист, æмæ мæ уый бынтон уæларвмæ систа. Скъолайы нæ ирон æвзаджы ахуыргæнæг Баскаты Мария мадæлон æвзагмæ афтæ разæнгард кодта, кастис нын газет "Рæстдзинад" дæр. Фæстагмæ йæ нæхæдæг дæр кæсын райдыдтам скъолайы библиотекæйы. Æфсадмæ дæр æй фыстон æмæ мæм постæй хæццæ кодта. Уæдæ Мæскуыйы дæр æнæ "Рæстдзинад" никуы уыдтæн. Фыссын æй кæмæн ракæнын, уыдоны нымæц дæр гыццыл нæу. Иу рæстæджы газет кæрæй-кæронмæ нал кастæн, афтæ-иу сыл уæлæнгай мæ цæст ахастон. Уæд хъуыддаг афтæ рауад, æмæ базонгæ дæн Куырттаты комы лæцыхъæуккаг Уыртаты Еленæимæ, Дулаты Хъасайы бинойнагимæ. Дисы мæ бафтыдта, куыд лæмбынæг кастис "Рæстдзинад" уый, æмæ ирон чингуытæ, куы-иу бацыдтæн Лæцмæ, уæд-иу мæ афарста "Рæстдзинад"-ы ахæм æмæ ахæм уацхъуыд нæ бакастæ, зæгъгæ. Авторимæ зонгæ дæн æви нæ, уымæй. Цы гæнæн ма мын уыд, æмæ газет кæрæй-кæронмæ кæсын райдыдтон. "Рæстдзинад" у ирон адæмы айдæн æмæ мæ зæрдæйæн дæр у зынаргъ".**

Михалы фæрнджын хъуыддæгтæн аргъ скодта Фыдыбæстæ æмæ кæд хæрзиуджытæ лæггæнæг не сты, уæддæр сæрыстыр стæм, ирон адæм, нæ республикæйы зындгонд скульптор, уæздан æмæ хæларзæрдæ адæймаг — Дзбойты Михалы ном бæрзонд хорзæхты аккаг кæй скодтой, уымæй.

Михал, рагæй дæр бирæ азты хæларæй кæимæ цæры, уыцы адæймæгты арфæтæ æмæ рæсугъд ныхæстæ газеты иу фæрсыл нæ бацæудзысты, фæлæ йæ 30 азæй фылдæр чи зоны, уыдоны мысинæгтæ цымыдисаг сты.

1971 азы мыхуырæй рацыд Советон Цæдисы æппæт аивадон институтты рауагъдонты æртæ азы хуыздæр дипломон куыстыты альманах. Уырдæм хаст æрцыд, куыд хуыздæр скульптурон куыст Михалы дипломон композици "Чермен". Хъыгагæн, уыцы цымыдисаг сурæт абон дæр æвæрд нæма 'рцыд Ирыстоны.

Михал у нæ адæмы хуыздæр æгъдæуттыл фидар хæцæг. Æмгарджын, æргомдзырд æмæ цæстуарзонæй йæ зонынц йæ иузæрдион æмбæлттæ. Йе 'мгуыстгæнæг нывгæнджытæ кæнæ скульптортæй исчи цымыдисаг уацмыс куы саразы, уæд ыл Михал фæцин кæны, раст цыма йæхæдæг фесгуыхт, уыйау.

Уæдæ йæ уазæгуарзон хæдзары дуар кæдфæнды дæр гом у йæ бирæ зонгæтæн, хионтæн æмæ æмбæлттæн. Ардæм чи æрбакъахдзæф кæны, ууыл цингæнгæйæ сæмбæлынц йæ бинойнаг Дулаты Хъасайы чызг Соня, йæ цот æмæ йæ уарзон хъæбулы хъæбултæ.

13 апрелы Михалыл сæххæст 85 азы, фæлæ уый абон дæр æнæзивæгæй кусы йæ æрмадзы.

Михал, нæ зæрдæ дын зæгъы, Ирыстоны алы рæтты цы дæсгай сурæттæ æмæ скульптурон композицитæ сæвæрдтай, уыдоны фарсмæ ма дын бантысæд ног зæрдæагайгæ сурæттæ сæвæрын.

---

**БАСКАТЫ Уырызмæг,**
**газет "Рæстдзинад"-ы хистæр уацхæссæг**

*Дзбойты Михалимæ нæ зонгæдзинад хæссы 1965 азæй фæстæмæ. Уæд æз ахуыр кодтон Борис Щукины номыл театралон училищæйы, Михал та уыди Суриковы номыл аивадон институты студент. Нæ æмдзæрæн уыди иу, æмæ цæхх-къæбæр дæр хордтам иумæ. Нæ зонгæдзинад рахызти фидар хæлардзинадмæ, æмæ абон дæр сæрыстыр дæн, ахæм æрдхорд мын кæй ис, уымæй.*

*Студенты царды цынæхуызон цаутæ вæййы. Ахæм бонтæ-иу скодта, æмæ æхцайæ кадавар æййæфтам, фæлæ та-иу Михалы зондæй амæлттæ скодтам. Михал уыцы рæстæг уыди бинонджын, йæ хистæр чызг Меланийыл цыди 2-3 азы, æмæ Мæскуыйы ахуыр кæнгæйæ дæр архайдта йæ бинонтæн æххуыс кæныныл. Студент уæвгæйæ дæр æгуыст никуы уыди.*

*Михалимæ ма нæ кæрæдзиуыл баста, театралон аивад тынг кæй уарзта, уый дæр. Цынæ хабары-иу бахаудыстæм, театрмæ баирвæзыны фадат агургæйæ! 1967 азы Мæскуымæ гастролты æрбацыд Англисы къаролады театр стыр хъуыстгонд актер Пол Скоффилдимæ. Сæ спектаклтæм бахауын уыди стыр зын. Мах Михалимæ театры къулыл цыдæр амæлттæй сбырыдыстæм æмæ залы балкъонмæ баирвæзтыстæм. Спектаклмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, фæкастыстæм лæугæйæ, фæлæ нæхицæй амондджындæр никæй хуыдтам.*

*Иннæ хатт та цыдæр амæлттæй бахаудыстæм Кремлы театрмæ зындгонд гуырдзиаг актер Серго Закариадзейы, Шекспиры "Къарол Лир"-ы сæйраг ролы хъазгæйæ, фенынмæ. Уæдæ æнцондæр нæ уыд, зындгонд грекъаг трагикон актрисæ Аспассия Папатанасиу Маяковскийы номыл театры сценæйыл куы хъазыд, уæд уырдæм бахауын дæр. Æмæ ахæм хабæрттæ иу æмæ дыууæ нæ уыдысты.*

*Михал институты куыд æнтыстджынæй ахуыр кодта, уымæн та æвдисæн у, йæ райдайæнæй суанг дипломон куыстыты онг дæр ын йæ ахуыргæнджытæ цы аргъ кодтой, уый. Зындгонд профессор æмæ скульптор Николай Томский Михалы конд скульптурон сурæттæ "Æфсати" æмæ "Чермен"-ы тыххæй загъта: "Ацы сурæттæ хъуамæ, æнæмæнг, æвæрд æрцæуой Ирыстоны". Хъуыстгонд скульптор Борис Пинчук та бахахх кодта: "Ахæм куыстыты автор кæд нырма студентыл нымад у, уæддæр æй æвæстиатæй райсын хъæуы ССР Цæдисы Нывгæнджыты цæдисмæ".*

---

**ЦÆЛЛАГТЫ Фатимæ, Уæрæсейы Федерацийы**
**Нывгæнджыты цæдисы уæнг,**
**РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг,**
**педагогон наукæты кандидат**

*Цæгат Ирыстоны нывгæнджыты училищæйы фыццаг рауагъдонты къордæй дæн. Ацы ран мын цы фæлтæрдджын æмæ курдиатджын ахуыргæнджытæ уыд, уыдоны абон дæр нæ рох кæнын. Сагкаты Эльбрус, Бедойты Шалва, Дзбойты Михал, Хетæгкаты Хъазыбег, Гæздæнты Зарæ æмæ Къæбулты Мурат нын сæ зонындзинæдтæ не 'вгъау кодтой. Æхсызгон сын уыдысты нæ чысыл æнтыстдзинæдтæ дæр.*

*Дзбойты Михал мын ахуыргæнæг уыд, уый фæстæ та иумæ куыстам нывгæнджыты скъолайы. Алы студенты куыстмæ дæр Михал биноныг æмæ лæмбынæг каст. Цы фиппаинæгтæ-иу æм уыдис, уыдон та амыдта фæлмæн ныхасы уагæй, цæстуарзонæй. Михалы сфæлдыстад тынг ахсджиаг æмæ вазыгджын у. Алы куыст дæр хицæн чиныджы хуызæн кæсæн ис, фæлæ, цæмæдæр гæсгæ не 'ппæтæн дæр уæлдай уарзон уацмыс у нарты хъайтар "Æфсати"-йы фæлгонц. Адæймаг æй цал хатты уыны, уал хатты дæр нæ стыр цымыдисы æфтауы. Цыма нарты бæсты фесты адæймаг, ахæм диссаджы æмæ æвæджиауы скульптурæ у. Михалæн, куыд ахуыргæнæг æмæ æмкусæг, афтæ мæ зæрдæ зæгъы, фыццаджыдæр, æнæниздзинад. Йæ зæрды цы ис, уыцы хъуыддæгтæ æнтыстджынæй йæ къухы бафтæнт, мах та бирæ азты ног цымыдисаг скульптурон уацмыстæй хайджын куыд кæна!*

**Фарс бацæттæ кодта САУТÆТЫ Тамилæ**

## Спортивон фидиуæг



### Фехтовани

# Уæрæсейы чемпионат цæудзæн Дзæуджыхъæуы

**Ирыстоны фехтованийы скъола Уæрæсейы хуыздæртæй иуыл нымад кæй у, уымæн æвдисæн у, Дзæуджыхъæуы нæ бæстæйы чемпионат цыппæрæм хатт кæй цæудзæн, уый.**

Уæрæсейы тыхджындæр фехтовальщиктæ Ирыстоны ерыс кæндзысты 17-24 апрелы. Тохтæ цæудзысты Хъуылаты Бадзийы номыл Спортивон галуаны ("Манеж"-ы).

Ирыстонæн, куыд чемпионаты фысымтæн, ерысты архайынмæ бар лæвæрд æрцыд æрыгон фехтовальщикты къордæн. Уыцы гæнæнæй нæ тренертæ, сæ сæргъы Уæрæсейы сгуыхт тренер **Къадзты Фиалæ**, афтæмæй спайда кодтой, æмæ чемпионаты сæ арæхстны. Уыдонимæ уыдзысты ирыстойнаг лæппутæ æмæ чызджытæ цыппор фондзæй.

Чемпионаты сылгоймæгты 'хсæн Мæскуыйы облæст æмæ Ирыстоны номæй хæцдзæн дунеон къласы спорты мастер **Хъесаты Маринæ**. Нæ иннæ ирон чызг **Бекмæрзты Янæ** та ерыс кæндзæн Мæскуыйы номæй. Мæскуыйы спортивон кад хъахъхъæндзæн дунеон къласы спорты мастер **Фардзинты Алан** дæр.



Уæрæсейы спортсментæй уæлдай, чемпионаты архайдзысты Казахстан æмæ Республикæ Беларусы тыхджындæр фехтовальщиктæ.

Æдæппæтæй нæлгоймаг æмæ сылгоймæгты чемпионатты ерысы бацæудзысты 500 спортсмены. Уыдонæн сæ кæстæртыл цæуы 14-15 азы. дзинад æвдисдзысты 25 æрыгон чызг æмæ лæппуйы.

Иу ныхасæй, чемпионат алцæмæй дæр уыдзæн цымыдисаг!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Æрдз

# Дидинæг калы магноли

**Дзæуджыхъæуы чи ис, нæ республикæйы уыцы зæронддæр магноли дидинæг калын райдыдта.**

Специалистты ныхасмæ гæсгæ, Композиторты цæдисы бæстыхаймæ 'ввахс ран зайæг амынд бæласыл цæуы 108 азæй фылдæр. Революцийы размæ амынд бæстыхай нымад уыд хицæн адæймаджы хæдзарыл. Бæстыхайы цæрæг инженер æвæджиауы бæлас ныссагъта. Дзæуджыхъæуккæгтæ дидинæгкалæг бæлас фенынмæ арæх æрбацæуынц.



Дидинæг калыны заман магноли рæсугъддзинадæй иунæг бæласæй дæр дæлдæр нæ лæууы. Хъарм боныхъæды ралæудимæ магнолийыл чи фæзыны, уыцы дидинджытæ йыл фæхæцынц 10-15 боны дæргъы.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

## Ног чиныг

# Фыдæлты зонд — фидæнмæ фæндаг

**Нæ ирон ариаг адæм сæхицæн кад, ном æмæ цæсгом цы фарны хъуыддæгтæй кæнынц, уыдон сты æгъдау, æфсарм, бæрц, фæтк æмæ мадæлон æвзагыл сыгъдæг дзырд. Кæддæр нæ Хуыцау а зæххыл куы сфæлдыста, уæд нын сæ æхсызгон фæндаггагæн балæвар кодта.**



Нæ фыдæлтæ сæ æнусты дæргъы налхъуытналмасау сыгъдæгæй, æнæлазæй фæхастой. Фæлæ, дугтæ æмæ рæстæг куыд ивгæ цæуынц, афтæ нæ уыцы диссаджы хæзнатыл дæр сæ фæд фæзынд, фæцудыдтой, рæстмæ сæ нал пайда кæнæм. Дунейы ахуыргæндтæ сæ цæст кæуыл æрæвæрдтой, нæ уыцы рагон рæсугъд, хъæздыг, нуарджын æвзаг нæ рох кæнын райдыдта. Бæргæ, цæуы тох йæ бахъахъхъæныныл. Бирæ мадзæлттæ арæзт цæуынц не 'гъдау, æфсарм æмæ æвзаг бахъахъхъæнынæн, фæлæ, æвæццæгæн, уыдон дæр фаг не сты, æмæ бирæтæн сæ зæрдæ риссы. Æмæ нын ацы уæззау рæстæг куыд цæргæ у, уæлæрвтæй ныл цы хæс æвæрд ис, уый нын куыд æххæстгæнгæ æмæ хъахъхъæнгæ у, уый тыххæй йæ хъуыдытæ йæ чингуытæ "Последние из Арктогеи-Арсии"-йы ныффыста режиссер, документалон кинотæ исæг Магкæты Людмилæ. Фæстаг рæстæг та йын мыхуыры рацыд ног чиныг "Книга Бессмертия Ариев-Осетин". Ныхас дзы цæуы, цæмæй нæ планетæ æмæ нæ адæмы фервæзын кæнæм, цæмæй нæ алчидæр рухсхæссæг æмæ рухстауæг суа, уый тыххæй, царды закъæттæ æмæ домæнтæ куыд æххæст кæнын хъæуы, нæ раг фыдæлтæй цы 'гъдау, æфсарм, традицитæ, уырнынад æмæ алæмæты æвзаг баззад, уыдон сæ гаччы сбадой, диссаджы цъиу Фениксау фæстæмæ сног уой æмæ æнусты фæлмы ма фесæфой, ууыл.

Людмилæ ныффыста зындгонд ахуыргæндтæ Абайты Васо, Всеволод Миллер, Жорж Дюмезиль, Бернард Бахрах, Гуыриаты Тамерлан, Николай æмæ Еленæ Рерихтæ, Гæздæнты Еленæ, Магкæты Дауырбег, Иван Турчанинов, Еленæ Блаватская, Владимир Щербаков, Валерий Демин, Аркадий Асов, Рид Говард, Эрнст Мулдашев æмæ, бирæ æндæрты куыстытæ бакæсгæйæ, нæ ирон адæм æмæ æвзаг куыд рагон сты, иннæ ариаг адæмты цард æмæ æвзæгтыл куыд фæзындысты, цы арф фæд сыл ныууагътой, уый тыххæй цы хатдзæгмæ 'рцыд, уыцы хъуыдытæ æмæ сæ бафидар кæны бæлвырд дæнцæгтæй.

Фыццагтимæ чи вæййы, хистæрыл дæр уый баныма йынц, дæнцæг дæр уымæй фæхæссынц, сæхи дæр ууыл фæбарынц. Ирон адæм дæр царды риуæмбæрц кæй цыдысты, иннæтæй дæлдæр нæ, уæлдæр бынат кæй ахстой, хъæздыг бынтæ нын кæй ныууагътой, иннæтæй хъауджыдæр нæм æртæ эпосы кæй ис — Царциатæ æмæ Даредзанты таурæгътæ, стæй Нарты каджытæ, æрмæст уый дæр бирæ цæуылдæрты дзурæг у.

Ирон æвзаджы ратæдзæнтæ базоныны æмæ йæ бæстон сахуыр кæныны тыххæй Ирыстонмæ фондз экспедицийы саразыны фæстæ зындгонд ахуыргонд Всеволод Миллер загъта: **"Скифты æвзаг цæры! Уый у нырыккон ирон æвзаг".** Æмæ, цæмæй уыцы æвзаг цæра, уый тыххæй йыл хъæуы дзурын. Нæ йæ хъæуы æрбайсгæ дзырдтæй дæр хæмпæл кæнын.

Æвзагимæ баст сты нæ ирон æгъдæуттæ дæр. Бирæты дзы раст нал кæнæм, æмæ уый тыххæй дæр Магкæты Людмилæ бæстонæй фыссы йæ чиныджы. Иу ныхасæй, "Книга Бессмертия Ариев-Осетин" чи бакæса, уый дзы йæхицæн райсдзæн бирæ зонындзинæдтæ.

**ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ Победæ**

## Адæмон сфæлдыстад

# Уырызмæджы хуынд

**Нартыл фыд аз скодта. Тыхсын райдыдтой тынг, сыдæй мæлынмæ æрцыдысты. Сæ ныфс асаст Нартæн, сæ зæрдæ амард, сæ къухы ницыуал æфтыдис. Уый бæрц æгуыдзæгмæ, уый бæрц æдзæллагмæ æрцыдысты Нарты сгуыхт фæсивæд, æмæ-иу Ныхасы бон-изæрмæ хуысгæйæ баззадысты. Уый уынгæйæ, Уырызмæджы зæрдæ рыст, æмæ Сатанайæн афтæ: "Не 'фсин, бирæ цæрæнбон мын куы нæ уаид, æмæ ма уыдоны иу æфсæст куы бакæнин! Уæд та сæ туг йæ бынат ссарид, сæ зæрдæ та сфидар уаид".**

Фæрухс ис Уырызмæджы зæрдæ, Нартæ-иу абонæй-иннæмæ цы фæхъауой, уымæй дзы фылдæр куы ис, зæгъгæ. Æрбасидын кодта фидиуæгмæ, хорз æй бафсæста æмæ йын загъта:

— Цæугæ æмæ ныхъхъæр кæн Нартыл: "Йæ бон цæуын кæмæн у, уый цæугæ ракæнæд, цæуын йæ бон кæмæн нæу, уый хæсгæ ракæнут, сывæллон кæмæн ис авдæны, уый та йæ авдæн йемæ рæхæссæд — Æхсæртæггаты Уырызмæг куывд кæны æмæ уæ хоны.



Уырызмæг Сатанайы хуымæтæджы нæ хуыдта "Мæ кæлгæ нуазæн æмæ ме 'дзаг фынг". Уый йын загъта: "Ацу, æрбахон сæ, æз дын сæ иу лæджы хуызæн суазæг кæндзынæн, дæлæ нæ къæбицтæ се 'дзаг куы сты алы хæрд æмæ нозтæй".

Æмæ бахуыдта Сатана Уырызмæджы йæ къæбицтæм. Уыдон дзаг уыдысты алы хæрд æмæ нозтæй.

— Адон æппæт мын фервыстой Нарты стыр куывдтæй хуынтæн, ном ссарынæн, — загъта Сатана.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

## Бакæс, базон

# Тонометры фæзынд

**Наукæ æмæ техникæйы бирæ хъуыддæгтæ раргом вæййынц æнæнхъæлæджы. Афтæ рауад тонометры хабар дæр.**

Ацы дзырд сымахæй бирæтæ фехъуыстаид, фæлæ цы амоны, стæй куыд равзæрд, уый бирæтæ нæ зондзысты. Арæзт у дыууæ дзырдæй: тон æмæ метрæй. Тон бердзенагау амоны тынгад (напряжение), цавд (ударение), метр (уый дæр бердзенагау) та — барын (измеряю). Афтæмæй мах базыдтам, тонометр кæй у цавд барæн, бæлвырддæр та — адæймаджы туджы æлхъывдад (цавд) барæн фæрæз.

Уæдæ куыд фæзынд тонометр, стæй йæ чи æрхъуыды кодта?

1904 азы райдыдта уырыссаг-япойнаг хæст. Уырдæм, цæф хæстонтæн сæ уавæр фæрогдæр кæныны тыххæй барвæндонæй ацыд æрыгон хирург Николай Коротков. Фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ тыхсын кодта иу хъуыддаг. Йæ артери хъыгдард кæмæн æрцыд, уыцы хæстоны цæф бабæттыны размæ зонын хъуыд, тугдадзин бандзыг уыдзæн æви нæ, уый. Хирург-иу фонендоскопæй рынчынмæ байхъуысгæйæ рахатыдта æнæзонгæ уынæртæ. Уыдон-иу райхъуыстысты бæлвырд фæткмæ гæсгæ. Гъе, уыцы бæлвырд уынæртæм гæсгæ Коротков бындур æрæвæрдта адæймаджы туджы æлхъывдад барыны мадзалæн.

Ныртæккæ тонометрæй пайда кæнынц канд дохтыртæ нæ, фæлæ, зæгъæн ис, æмæ алы хæдзары дæр.

**Нæ уацхæссæг**

## Нывгæнæджы цæстæнгасæй



— Чъынды ма у, мæ нуазæн фыдджыны карстимæ зынаргъдæр у!

**СЛАНТЫ Русланы конд ныв**

## Ирон æмбисæндтæ

*Сыхаг — айдæн, хъæубæстæ — чиныг.*

***

***Къæвда 'ртахгай у, фæлæ дзы ивылд дон рацæуы.***

***

*Æнахуыр бæсты æлдарæй дæр зын цæрæн у.*

***

***Куыстхуыз лæг сойхуыз у, мæстджын та — хæйрæг.***

***

*Хуым уалдзæг куыд байтауай, фæззæг дзы афтæ 'рзайдзæн.*

## Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Æфсæддон цин. 8. Бекъойты Елиозы уацау. 9. Уæзбарæн. 10. "... рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой". (Къоста). 12. Планетæ. 14. Бæлас. 15. Уæрдоны хуыз. 17. Адджинаг. 18. Афæдздзыд фыс. 19. Сылгоймаджы дарæс. 22. Ногдзауты лагер. 24. Фидар æфсæйнаг. 26. Хæдзары дзаума. 28. Ирон фыссæджы ном. 30. Æмбонд. 31. ... худ (фысдзарм худ). 32. Саджы мыггаг. 33. Чысыл хъæддаг цæрæгой. 34. Наукæ.

**БЫНЫРДÆМ**: 1. Епхиты Тæтæрийы пьесæ "Чындз"-ы архайæг. 2. Къуымбил кусæн дзаума. 3. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 4. Æрыгон фæлтæр. 5. Хуыссæнгарз. 6. Фидары фæрæз. 9. Хъæуyонхæдзарадон машинæ. 11. Цæгтæй арæзт бæндæн. 13. Раджы заманы хæхбæсты хиконд хуымгæнд. 15. Бæркад, минас. 16. Дымгæйы бардуаг ирон мифологийы. 20. Райсомы уымæлад кæрдæгыл. 21. Хæдзарон маргъ. 23. Нозт. 24. Хæрздæфгæнæг зайæгой. 25. Сечъынаты Ладемыры уацау "Уарзты амонд"-ы архайæг. 27. Горæт Ленинграды облæсты. 29. Искæмæ тæхуды кæнын. 30. Сывæллæтты номдзыд уырыссаг фыссæг.

### Дзуаппытæ 8 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 5. Сахар. 6. Созыр. 9. Кæсаг. 11. Сондон. 12. Угандæ. 15. "Винт". 17. Миногон. 18. Æлæт. 19. Атынæг. 20. Силети. 24. Стæр. 25. Малусæг. 26. Нуры. 29. Доллæр. 30. Дайран. 31. Æрзæт. 33. Фæрæт. 34. Стонг.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Картоф. 2. Карк. 3. Ронг. 4. Тымыгъ. 7. Осипов. 8. "Ногир". 10. Æдзæм. 13. Минæвар. 14. Номивæг. 16. Тутыр. 18. Æртын. 21. Стъол. 22. Тулузæ. 23. Орган. 27. Фæззæг. 28. Сатана. 31. Æлæм. 32. Тута.**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Домашние соления:**
**квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем,**
**свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры.**
**ТЕЛ.:**
**8-906-188-38-83.**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады администраци хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны Кадрты политикæ æмæ паддзахадон граждайнаг службæйы управленийы сæргълæууæджы хæдивæг Токаты Иринæйæн, йæ фыд

**ТОКАТЫ**
**Алыксандры фырт Сергей**

кæй амард, уый фæдыл.

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:

362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3439.
Заказ № 420.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**